# Халық турмысының параўанлығы жолында

Исбилерменликти раўажландырыў экономиканың өсиў имканиятларынан бири десек асыра айтқан болмаймыз. Өйткени исбилерменлик халық бәнтлигин тәмийинлеўдиң үлкен дәреги есапланады. Сонлықтан мәмлекетимизде бул тараўды раўажландырыўға айрықша итибар қаратылмақта.

Бүгинги күнде Шымбай Май акционерлик жәмийетине қараслы Шымбай май инвест сыңар кархонасында 160 адам жумыс бенен тәмийленген болып, кәрхана суткасына 130 тонна  шигитти қайта ислеў ҳәм 20 тонна май ислеп шығарыў қуўатлылығына ийе.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Ҳәр бир иске ўақтында итибар қаратылып, жаналанып барылса ол әлбетте гөзленген нәтийжени берери анық. Сонлықтан бүгин кәрханада шигитти кайта ислеў пресс цехи, шигитти сақлаў орынлары, лабаратория ханаларын қайта үскенелеў жумыслары алып барылмақта.

Тийкарғы мақсет халықтын пәраўан турмыс кешириўи болып есапланады.

Район ҳәкимлиги мәлимлеме хызмети